

Doomu Jiitle Du Doom

Baay bi: Sëtëtëtë... Dëkk bi dafa metti, metti, metti...

Aa! Xaaral ma xool. Waaye tele Senegaal dey, ñoom ñépp a yem. Ñoom dey, li kii la wone, la kale la wone rekk. Politik rekk, xoolal! Xaaral ma sape.

Moo fi amaat. Eleksiyoñ yu jëm *deux mille douze*, ñu kumaase mitij *deux mille dix*, ñun fuñ' jëm?

Xam nga ne lii laa wax, lii...

Xaaral ma teg nii, *parce que* ñii daal, ñoom ñépp a yem rekk. Ñépp a yem, ndeysaan.

Céy Yalla!

Ee! Tagati! Yow, danga dof walla jinne daa la mbej?

Tagati: Bul waxati ak man di ma yuuxu de! Bu ma yuuxooti.

Baay bi: *Laa ilaaha* – Kii xanaa yaramam da'y metti! Yow, nan nga may fekke ma teg samay tånk di seetaan tele, nga jël *commande* bi naan dang' kay sape?

Ee – waaye yow, indil waay!

Tagati: Ee bul dàmm sama loxo de!

Baay bi: Ee, kii day – ay! – waaye!

Tagati: Sa loxo bum' ma laal. Sama pàppa bum' may jur, juru ma puur ñu may dóór.

Baay bi: *Laa ilaa...!* Yow, danga xam kuy sa pàppa?

Tagati: Ba ci lan?

Baay bi: Yow! Man, maay sa baay!

Tagati: Ee! Baayoowuma ak yow te doomooowuma ak yow de, te doo sama baay.

Duma sa dara, *simple* baaye jiitle doñŋ nga.

Mo! Kii fuuyul sax yow!

Baay bi: Waaye yow!

Tagati: Gis nga, kér gi Ndóoy la sant, santul Coom. Boo bëggee koo baayal danga koy uti. Amoo fi lenn. Fii ñun lu fi ne lépp, ñun ñoo ko moom.

Baay bi: Yow... yow! Ahaa, war na la! War na la! Tollu nga ni nga war a tollu. Fukki at ak juróóm benn ci ren, nga am. Bi nga amee ñaari at la sa baay dee.

Tagati: Bàyil sama baay de!

Baay bi: Nu teg ci benn at, ma takk sa yaay. Muy fukki at ak ñett ci biir kér gi.

Tagati: Loolu yow ak moom la.

Baay bi: Man sax, loolu du lu may wax ak yow. Man duma toog ak yow nga naan doo sama baay, ma naan maay sa baay. Li nga wax nak, du waxu gone.

Tagati: Xoolal! Wax ji mi ngi may bëgg a sonnal, dégg nga?

Baay bi: Dëgg la! Man daal ngay yemal sama palaas léégi! Def nga ko noonu bi paase. Nekk naa ci duus bi, ngay fëgg.

Tagati: Moomoo ko!

Baay bi: Kon li ngay wax lépp dëgg la. Boo ma baayoowoon, doo fëgg duus bi.

Tagati: Boo bëggee doom, nga wuti ko!

Baay bi: Wax nga dëgg, wax nga dëgg. *Mais* nak, sa ndey bu ñówee fii ci kér gi, dinaa ka digaale ak moom ba mu saf sàpp, *parce que* loolu du lu may wax ak yow. Danga see tuuti.

Tagati: Yaak moom la!

Baay bi: Aa... Barké! Kii ndeyam... du, du *Grand Mataar* moo ma ko mayoon! Fa laay jëm, ñówaat ci kér gi, yemoo ndeyam ñów, ma fekk ka fi, wax ka li ma kay wax. Xaaral!

[Baay bi génn na ba dellusi]

Ee Ndey Binta! Ee ñówal fekksi ma fii ci kér gi. *Billaahi* dinga xam ne... Aa, jamano – tey la neex! Tey moo neex. Ba sa doom toog fii, di ma yemale, man.

Waaye, ñówal ba fekksi ma fii bi maa bëggante, du woon ak moom. Ba mu fekksi ma fii. Lenn la ma laa xamal: duma sa moroom, te duma sa moroomam doom.

Yaay ji: Sët! Nijaay, lu xewoon? Xoolal, man sama bopp bi da'y metti. Sama nelaw yépp yàq nga ko.

Baay bi: Yaa tal a nelaw. Yow, fii la sa doom toog, yekk ma musiba Mbaba Kumba! Xamal ma ne duma baayam!

Baayi jiitleem laa. Moo tax may dugg si duus bi, mu may fëgg. May toog tegle samay tànk, mu may xamal ne...

Yaay ji: Sët, Nijaay! Kii xale la! Yow tam it neexal ko, kii xale bu ndaw la, kii... Ee, yow tam it.

Baay bi: Wax nga dëgg. Xale la. Waaye li nekk ci boppam, dañu ka see sol.

Yaay ji: Loo bëgg a wax?

Baay bi: Dañu ko see sol. Te nak, dama lay xamal ne la, fukki at ak ñett la, ci ren, ma yor la.

Yaay ji: Bu ma yuuxu!

Baay bi: Yow, xam nga ne bi ma lay yor meloo woon nii, xoolal sa bopp.

Yaay ji: Ahaa! Nijaay nak, wax ak yow jot na! Bi nga may yor foo ma fekk? Sama kér nga ma fekk, ma mel na ma war a mel. Maashalla!

Bu dul woon loolu, doo dugg ci man. Yow tam it! Aha, waxal leneen.

Baay bi: Aa léégi nak, dem ngeen ba màgg. Mu am fukki at ak juróóm benn. Yég na boppam. Bi baayam di dee ñaari at la am. Lu mu xam? Ci potu *chambre* la ka fekk. Wax ma lu mu xam. Yow, fu ma la fekk?

Yaay ji: Nijaay, may ma!

- Baay bi:** Yow, maa la jël fu nga nekk!
- Yaay ji:** May ma!
- Baay bi:** Tey mu toog naan kër gi santul Jaxumpa –
- Yaay ji:** Wax na dëgg!
- Baay bi:** – santul Coom, man looloo sama ɳaññ?
- Yaay ji:** Wax na dëgg. Kër gi Mbéng la sant.
- Baay bi:** Kon, yow yaa moom kër gi. Moom de, nee na baayam a moom kër gi. Nee na Ndóóy la sant!
- Yaay ji:** Benn la! Baayam Ndóóy la sant, benn la. Xoolal, baayam ba muy gaañu, dafa ma fi bà, man ak moom.
- Xoolal! Wax jaa ngi bëgg a bari. Kër gi, wax na dëgg, Ndóóy la sant.
- Yaa fi bàyyi sa bopp. Lan la? Kii lu ka neex lay def, lan la!
- Baay bi:** Sama kaw?
- Yaay ji:** Waaw.
- Baay bi:** Dinaa la xamal lenn.
- Yaay ji:** Waxal ma dégg.
- Baay bi:** Yow, yaay jaar sama ginnaaw. Fukki at ak ñett yaa ngiy jaar sama ginnaaw. Tey du ñów, nga bëgg maa yab.
- Yaay ji:** Aa Nijaay ci kaw! Nijaay, fii, nee naa la, fii maa fi moom. Maa fi moom! Danga fiy nekk, ma yor la.
- Baay bi:** Yow, yaa ma yor?
- Yaay ji:** Waaw. Ku moom kër gi?

- Baay bi:** Moo tax sa doom...
- Yaay ji:** Xoolal, wax jaa ngi bëgg a bari. Fii yaa fi téye sa bopp. Xam nga lan la? Dangay man a toog, toog! Manoo toog, nga abal ñu ci biti. Lan la?
- Baay bi:** Kon sama nekkiin ci kër gi jariñu la dara?
- Yaay ji:** Xoolal! Wax ji daal mu ngi may sonnal.
- Baay bi:** Man! Dama dul nekk ci kër goo xamante ne gone gu ndaw mooy toog sama diggu bopp.
Loolu laa la bëgg a xamal. Gone gu ndaw du toog sama diggu bopp. Kon ma ne... Olof Njaay lu mu wax dëgg la, lu mu lééb dëgg la, lu mu cax, dëgg la, lu muy bëgg a wax te waxu ko sax, dëgg la! “Doomu jiitle du doom”.
- Yaay ji:** Bu ma mbëkk rekk. Bu ma mbëkk de!
- Baay bi:** Kii bu doon sama doom, lim' ma def nii, du ma ko def.
- Yaay ji:** Boo bëggee doom, nga uti ka.
- Baay bi:** Te yow, bu ma amoon doom ak yow du deme ni mu deme.
- Yaay ji:** Amewoo ma doom nak. Benn doom ji, baayam, jox na ma doon, te yow manoo ma fexe ba sax jox doom.
- Baay bi:** Kom kë nee nga...., benn mbubb laa fi am, boo pare ki may *remplacer*, bu ñówee nga jox ko.
- Yaay ji:** Xoolal! Soxlawuñu ka, man nga taxaw ñu jox la ka. Soof bay bëgg a dee!
- Baay bi:** Salaam Maaleykum. Boo gisee guró, na nga yéy!
- Yaay ji:** Jaru ma wax!